



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO ELAJISMAN REGENERON AP KREYE PLIS PASE 300 DJÒB

Gouvènè Cuomo anonse tou \$5 Milyon pou nouvo Konpetisyon Kapital Biznis Venture nan tout Eta pou sipòte Byo-syans ak Teknoloji Startups

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te rejwenn Regeneron Pharmaceuticals, Inc. nan gran ouvèti de nouvo bilding konpayi an nan katye jeneral li nan Tarrytown pou anonse konpayi an ap elaji menm plis pou devlope rechèch ak kapasite devlopman. Regeneron kounye a okipe plis pase yon milyon pye kare espas e li te angaje pou envesti \$150 milyon adisyonèl pou plis elaji kanpis Tarrytown li, sa ki pral bay omwen 300 lòt djòb.

Byen bonè jodia, Gouvènè a te anonse tou lansman yon nouvo konpetisyon \$5 milyon kapital venture pou bio-teknoloji startups, stimile kwasans nan endistri bio-teknoloji.

“Jodia nap kontinye montre ke New York se yon gwo kote pou fè biznis,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Elajisman sa se prèv ke New York sipòte biznis tankou Regeneron ap kontinye devlope ekonomi an ak kreye travay nan kominote yo toupatou nan Eta. Map rete tann pou m wè sektè bio-teknoloji a kontinye pwospere nan New York nan ane kap vini yo.”

“New York te kay Regeneron depi 1988, ansanm avèk anpil avansman syantifik ki te fèt nan laboratwa Tarrytown nou yo te bay kat tretman apwouve ak yon sous enpòtan pou posib medikaman pou moun yo ki gen anpil maladi grav,” **te deklare Leonard S. Schleifer, M.D., Ph.D., Prezidan ak Ofisye Egzekitif Anchèf Regeneron**. “Nap rete tann pou n kontinye kwasans ak ekspansyon nan New York kòm nap kontinye travay nou pou pote nouvo terapi inovè a pasyan yo ki gen bezwen.”

Nouvo pwojè elajisman \$150 milyon an, ki pral kreye omwen 300 nouvo djòb, ap konstwi yon bilding jiska 192,000 pye-kare e lap gen ladan laboratwa ak espas biwo, ansanm avèk yon garaj pakin avèk jiska 400 espas pou estasyonman. Empire State Development, ajans devlopman ekonomik anchèf New York, ap bay konpayi an, ki te genyen anpil chwa pou elajisman an, avèk jiska \$5 milyon nan pwogram kredi taks Djòb Eksèsyò.

Empire State Development te sipòte tou elajisman Regeneron ki fini kounye a avèk jiska \$10.2 milyon nan pwogram kredi taks Djòb Eksèlisyò. Konpayi an te investi plis pase \$150 milyon nan de nouvo bilding yo sou sit la e li depase angajman l pou kreye 500 nouvo djòb nan lokal la.

Nouvo bilding yo te ajoute plis pase 300,000 pye kare espas biwo ak laboratwa, elaji katye jeneral antrepriz Regeneron epi pèmèt konpayi an anboche plis pase 500 nouvo anplwaye nan lokasyon New York sa. Anplis de kanpis Tarrytown li a, Regeneron kontinye ap grandi operasyon endistriyèl li ak etablisman Apwovizyonman Pwodui nan Capital Region, baze nan Konte Rensselaer. Ane sa sèlman, Regeneron te anboche 945 anplwaye toupatou nan lokal li yo nan Eta New York.

Jiska prezan nan 2015, Regeneron te anboche plis pase 1,200 nouvo anplwaye nan tout mond lan, enkli 945 nan New York. Anjeneral, konpayi an kounye a anplwaye plis pase 4,000 moun nan mond lan – jiska 682 nan 2007 – majorite ladan yo, 3,150 se nan New York.

Lidè Demokratik Sena Andrea Stewart-Cousins te deklare, “Mwen aplodi angajman Regeneron Pharmaceuticals pou elaji operasyon l epi pote plis travay ki peye byen nan kominote nou yo epi remèsye Gouvènè Cuomo pou lidèchip li sou kesyon sa a. Pou eta nou an reyisi nan nouvo ekonomi an nou dwe kontinye fè investisman entelijan epi travay etwatman avèk premye konpayi ak antreprenè yo. Patenarya stratejik nou avèk Regeneron se yon egzantp ekselan sou modèl inovè sa, mwen espere kap kopye avèk menm siksè toupatou nan Eta New York.”

Manm Asanble Thomas J. Abinanti te deklare, “Nou kontan paske Regeneron kontinye ap grandi, non sèlman nan Tarrytown men toupatou nan Eta New York. Regeneron kontinye ap bay siksè apre siksè avèk seri lansman yo nan avansman medikal inovè. Nou remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk konpayi tankou Regeneron paske yo anaje nan Upstate New York ak mendèv kalifye nou an.”

Preizdan, PDG ak Komisyonè Empire State Development, Howard Zemsky te deklare, “Avèk yon mendèv ki alafwa otman kalifye ak otman edike, New York se yon gwo kote pou konpayi bio-teknoloji ak famasetik kap chèche devlope avèk otan de siksè ke Regeneron. Grasa vizyon Gouvènè Cuomo pou devlopman ekonomik, biznis nan endistri sa yo ap pwospere nan Hudson Valley ak toupatou nan eta.”

Nouvo Konpetisyon Bio-Science Venture Capital

Eta New York ap emèje rapidman tankou sant kot lès pou inovasyon ak antreprenarya. Bati sou elan sa, Eta te angaje pou sipòte kominote antreprenarya grasa yon seri inisyativ ki santre sou investisman. Atravè investisman sible sa yo, Eta te kòmanse afekte diferan sektè toupatou nan Upstate pandan lap ankouraje start-ups ak kwasans travay nan zòn metropoliten yo.

Pou stimile plis kwasans nan endistri bio-syans nan New York, Eta ap lanse yon gwo inisyativ ki baze sou investisman nan endistri bio-syans. Pati santral nan inisyativ la ap kreyasyon yon konpetisyon kapital venture plizyè ane. Konpetisyon sa ap santre sou

chwazi startups ki pi pwometè epi ede yo nan komèsyalize teknoloji ki te devlope nan inivèsite ak laboratwa rechèch Eta New York. Pri anyèl totalize \$1 milyon ap atribye a konpayi pwometè bio-syans apre chak wonn nan konpetisyon an.

Avèk yon atansyon pou sipòte konpayi yo ki ka swiv chemen siksè Regeneron, New York Ventures ap jere nouvo konpetisyon an, sant investisman anptrepriz eta ki fenk fòme. New York Ventures ap trete prim konpetisyon kapital venture tankou investisman an echanj pou ekite; konpayi yo ap aksepte alekri pou yo gen katye jeneral yo nan Eta New York pou yon peryòd tan spesifik.

Inisyativ Investisman Bio-syans pa gen entansyon pou finanse aktivite devlopman ak rechèch oswa fon syantifik. Okontrè, inisyativ la santre sou aktivite ki esansyèl pou reyisi komèsyalman, tankou pwoteje pwopriyete entèlektyèl, pèfòme rechèch mache ak konpetisyon, envestige egzijans règlemantasyon, devlope pwototip komèsyal ak ekri plan biznis pou atire kapital adisyonèl.

Konpayi Eta New York ki nan endistri ki annaprè yo ap kalifye:

- Drugs & Pharmaceutical
- Medical Devices & Equipment
- Research, Testing & Medical Labs
- Distribisyon ki gen rapò avèk bio-syans
- Agricultural Feedstock & Chemicals

Anplwaye New York Ventures ap revize soumasyon yo pou start-ups bio-syans, konsidere faktè tankou fezabilite komèsyalizasyon, nivo inovasyon teknoloji ansanm avèk lòt faktè biznis ak teknik. Depi yo fin revize aplikasyon an ak idantifye finalis yo, finalis yo ap patisipe nan yon ekspozisyon pandan tout yon jounen oswa konpetisyon pitch. Apre konpetisyon pitch la, espesyalis yo nan endistri New York Ventures te chwazi gayan yo nan kominote bio-syans nan tout eta.

Konpetisyon Plan Biznis tankou yon strateji kle nan apwòch Eta pou investisman nan inovasyon ki te kòmanse avèk 43North atire start-ups dènye kri nan Buffalo epi bay pi gwo pèfòmè yo pri lajan kach ak sipò teknik. Yo te deja kreye de lòt plan biznis nan 2015: 76 West ak GENIUS NY. Konpetisyon 76 West la, baze nan Southern Tier e li te kòmanse lanse nan fen ane a, ap santre sou investi nan start-ups avèk sektè teknoloji pwòp. GENIUS NY baze nan Syracuse e lap lanse nan kòmansman ane 2016. Li pral santre sou investi nan start-up ventures nan dat ak sektè enfòmatis.

Eta New York gen anpil kapital entèlektyèl ak enfrastrikti nan bio-syans, klase pami twazyèm pami eta yo nan finansman rechèch National Institutes of Health (NIH). Pati sid rejyon an ak Vil New York poukont li prezante nèt gwo sant medikal akademik. Nan 2014, endistri bio-syans la te reprezante 41,554 djòb nan eta, ki gen ladan \$7.5 milya oswa 0.6 pousan nan ekonomi jeneral eta. Abondans kapital entèlektyèl ak rechèch ki baze sou aktivite inivèsite pozisyon Eta New York pou l yon lidè nan sektè bio-syans, men posibilite sa potko fin reyalize antyèman. Eta New York dwe amelyore kapasite l

pou komèsyalize rechèch sa epi tradwi l an enpak ekonomik sektè prive. Aktyèlman, Eta klase 11yèm nan kreyasyon travay sektè bio nan 2014, anba eta endike ke li depase nan rechèch, tankou New Jersey ak Pennsylvania.

Enfòmasyon sou Regeneron

Nan 1988, Regeneron te lanse kòm yon bio-tek start-up nan Vil New York. Nan 1989, sou lidèchip Gouvènè Mario Cuomo, Empire State Development te envesti \$250,000 nan konpayi an. Nan plizyè ane, eta te reyalize yon revni 300-pousan sou investisman sa.

Jodia, Regeneron se pi gwo konpayi bio-tek nan Eta New York epi senkyèm pi gwo nan mond lan.

Pandan dènye twazan ki sot pase yo, Forbes Magazine te nome Regeneron kòm youn nan senk konpayi ki pi inovè – nan tout endistri yo– nan mond lan. Anplis, konpayi an te klase pami 2 pi gwo anplwayè Bio-famasetik nan Mond lan pa Science Magazine pou senk dènye ane yo, enkli nimewo en pandan twazan youn dèyè lòt.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418